www.nohchalla.com

# Дин беллачу к1ентан илли

Хьан сих са хьаьрчина массо а заманна,
Нанас шен бер санна, ас хьоме кхиийра хьо.
Мацаллех ларбина, г1иллакхех 1амийна,
Тешаме хьоьх ваша сайн вина вара со.
Шийлачу 1ожалло хьо хеназа баьккхира соьх.
Хьан къина дог доьхна со, висира бекхам беш хьан.

Мостаг1чо вайх лаьш дан, парг1ато йохийна,
Маьршачу вайн махках сийна ц1е кхарстийча,
Дег1ан ц1ий, я хьайн са бацара кхоийна,
Сийлахьчу толаме халкъо ч1ург карчийча.
Шийлачу 1ожалло хьо хеназа баьккхира соьх.
Хьан къина дог доьхна со, висира бекхам беш хьан.

Мостаг1чуьна бомбано декъаза де делла,
Д1атийра 1авжийча, турпал дег1 дожадеш.
Т1еозош хьоькху ког, хьан хьежар г1елделла,
Хетара са дагна, весет дуй сайга деш.
Шийлачу 1ожалло хьо хеназа баьккхира соьх.
Хьан къина дог доьхна со, висира бекхам беш хьан.

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)